



(Haitian Creole)

## Rezime Chanjman 2017-2018

### **Adisyon:**

#### **Fòm ak Fòmilè:**

- Fòm Otorizasyon pou bay yon elèv medikaman
- Fòm Otorizasyon pou tretman
- Fòm Otorizasyon pou medikaman espesifik achte sou kontwa avèk konsantman paran Klas 9-12
- Fòm Otorizasyon pou pwodi topikal achte sou kontwa avèk konsantman paran
- Lwa Every Student Succeeds Act (ESSA) Fòm pou notifiye chwa-ou

#### **Klarifye langaj anrapò ak:**

- Seksyon II – Rapòte ensidan disiplin bay Leta
- Seksyon II – Teknoloji pèsònèl
- Seksyon II – Diskriminasyon ak/oswa arasman
- Seksyon V – Aktivite andeyò lekòl ant lekòl pou elèv ayeskoul
- Seksyon VI – Chwazi pa patisipe nan Sèman o drapo, Pledge of Allegiance

### **Revizyon**

#### **Fòm:**

- Fòm Prèv elèv ak fanmi resevwa Liv Kòd Kondwit pou Elèv (*Acknowledgement Form*)
- Lwa sou Dwa edikasyonèl ak pwoteksyon lavi prive -*Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)*

#### **Klarifye langaj anrapò ak:**

- Seksyon II – Sexting (voye mesaj anrapò ak sèks)
- Seksyon II – Konpòtman ak kondwit ki pa aseptab nan bis lekòl
- Seksyon IV – Jan pou bay tè Florida Standards Assessment (FSA)
- Seksyon IV – Izaj medya sosyo
- Seksyon VIII – *Directory Information* -Dosye Enfòmasyon, repètwa
- Seksyon IX – Medikaman elèv k'ap fè klas 9-12 ane kapab pote sou yo epi pran poukont yo lè yo nan lekòl-la
- Seksyon IX – Ofans ki kapab lakòz sispansyon ak espilasyon posib
- Seksyon IX – Ofans ki kapab lakòz espilasyon obligatwa
- Seksyon IX – Definisyon zam ak lòt definisyon enfraksyon
- Annèks – Separasyon Plan Disiplin pou klas K-2; 3-5; 6-8 ak 9-12



## Acknowledgement Form

Nan liv-sa-a, yo pibliye regleman Distrik-la nan Policy 5.8, pou elèv lekòl piblik Broward County. Regleman-yo aplikab pou tout aktivite k'ap fèt sou teren yon lekòl oswa nan tout lòt kote lekòl-la chwazi pou òganize aktivite; regleman-yo aplikab nan tout machin ki otorize transpòte elèv. Lè ou siyen anba-a sa pa vledi ou dakò oswa ou pa dakò avèk regleman-yo, **men savledi ou revwa regleman-sa-yo nan yon fòm elektwonnik, ki se yon kopi** (<http://www.browardschools.com/codeofconduct>). Retounen fòm-sa-a nan lekòl-la nan 3 jou apre premye jou lekòl louvri oswa retounen fòm-nan, nan twa jou apati dat anwolman elèv-la. Si ou pito ranpli tout fòm-yo, selon yon mwayen elektwonnik, ale sou sit (<http://www.browardschools.com/backtoschool>) pou jwenn aksè nan fòm-yo epi ak gid pou rantrè klas (Back to School Toolkit). Se fòm ou blije ranpli.

Manman/Papa dwe patisipe nan edikasyon pitit-yo epi gen responsablite:

- Konnen pou sekirite nan lekòl-la, lekòl-yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit anvan lè ofisyèl lekòl-la kòmanse, ni lekòl-yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit apre lè ofisyèl lekòl-la fèmen (FS 1003.31(2)).
- Konnen pou sekirite lekòl-la, epi konsènan elèv ki pran bis lekòl-la, chofè bis-la PA gen dwa rete sou wout pou kite elèv desann bis-la sòf nan estòp ki prevwa pou elèv-yo desann.
- Bay lekòl la, chak ane, non ak/oswa nimewo telefòn kounyea moun lekòl-la kapab kontakte nan ka ijans (emèjenssi) epi fè lekòl-la konnen lè gen chanjman nan ransèyman-an.
- Avèti lekòl-la sou tout sa ki kapab afekte kapasite pitit-yo pou yo aprann, vini lekòl regilyèman, oswa patisipe nan aktivite eskolè.
- Konnen yo dwe bay pitit-yo medikaman annakò ak regleman SB Policy 6305, selon amannman ki pase, konnen konsekans pou fè pase ak/oswa vann oswa eseye vann medikaman achte sou kontwa, genyen ak/oswa itilize medikaman ki pa otorize se regleman ki esplike nan regleman SB Policy 5006. Regleman SB Policy 6305 esplike regleman konsènan medikaman achte sou kontwa ak regleman aplikab nan ka medikaman doktè preskri epi SB Policy 5006 esplike konsekans vyolasyon regleman-sa-yo. Ou kapab gade okonplè regleman sou keksyon sante, sispansyon ak/oswa ekspilsyon epi tout regleman School Board sou sit Entènèt [www.Broward.k12.fl.us/sbbcpolicies](http://www.Broward.k12.fl.us/sbbcpolicies).
- Andwa konnen si lekòl pitit-ou kenbe dosye elèv-yo konfidansyèl epi prive jan sa defini nan seksyon VIII liv-sa-a.
- Konnen ni School Board of Broward County ni anplwaye-li pap responsab pou bagay ki entèdi epi pèdi, yo vòlè oswa konfiske; epitou pou aparèy telekomunikasyon san fil (wireless communication devices) oswa lòt aparèy teknolojik pèsònèl ki pèdi, vòlè, oswa konfiske.
- Konnen bagay lekòl-la sezi epi yo pa reklame nan fen ane eskolè-a, yap bay-yo nan òganizasyon charitab zòn-nan.
- Konnen yo responsab pou kondwit pitit-yo aleritou ant lekòl-la ak lakay-yo epi nan estòp bis-la. Yon anviwonman aprantisay ki ofri sekirite e ki favorize aprann se kle pou siksè akademik; kifè, tout aksyon yon elèv fè andeyò kanpis lekòl-la kapab afekte seryèzman abilte yon lòt elèv pou li aprann lekòl oswa kapab afekte abilte yon manm pèsònèl lekòl-la pou li anseye, aksyon-an ap trete kòm yon enfraksyon disiplinè. Pou ensidan grav ki pase nan estòp bis ak/oswa ki pa pase sou pwopriyete School Board, fanmi dwe pran kontak ak lapolis dirèkteman. Pou ensidan ki konsènan zak bully tankou nwi, entimide, agrese, britalize elatriye (gade definisyon bullying, Section II), yo ta dwe notifye administratè lekòl-la ki va mennen yon envestigasyon ak/oswa founi asistans ak entèvansyon si direktè lekòl-la/anplwaye ki deziyen, jije sa nesèsè. Youn nan entèvansyon yo kapab fè, se rele ofisyè polis ki nan lekòl-la (School Resource Officer).
- Asire pitit-yo sèvi ak teknoloji tankou rezo konpitè, zouti dijital, Entènèt, lojisyèl (sofwè), yon fason legal, moral epi responsab, jan sa defini nan Seksyon IV liv Kòd kondwit-sa-a.
- Fanmi va kontinye asime responsablite-yo vizavi elèv ki rive laj majorite (dizwitan -18 ane oswa plis) pou tout bi edikatif ak bi disiplin, esepite nan kèk sikonstans lalwa prevwa.

**Pran nòt: Seleksyon Paran fè nan chak fòm Kòd Kondwit pou Elèv ap rete valab jis lè li soumèt/depoze yon nouvo fòm.**

Non elèv-la (EKRI AN LÈT DETACHE)

Siyati elèv

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache)

Siyati Paran/Gadyen

Dat

## Fòm Otorizasyon piblikasyon nan laprès ak medya- Ane eskolè 2017/2018 (Tout klas)

Kòm paran yon elèv *Broward County Public Schools* (lekòl piblik Broward County), mwen konprann laprès, medya oswa Distrik eskolè-a (*School District*) kapab pran foto pitit-mwen, filme-li (videyotep), oswa entèvyouve-li nan bi pou enfòmè lezòt ak/oswa fè pwomosyon. Mwen konprann foto ak entèvyouve kapab parèt sou sit Entènèt Distrik-la, nan piblikasyon Distrik eskolè-a, nan piblikasyon deyò ak nan medya elektwonik, jan sa endike anba-a.

### **Ou dwe tcheke yon chwa nan toude Seksyon A ak Seksyon B**

(Si ou pa tcheke okenn chwa nan toude seksyon-yo, nou va otomatikman chwazi #1 pou ou)

## Seksyon A - Laprès/Medya ekstèn

Tanpri tcheke Chwa #1 oswa Chwa #2

1. \_\_\_\_\_ MWEN **PÈMÈT** laprès, medya, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li sèlman lè medya-a resevwa otorizasyon nesesè de lekòl piblik Broward County.
2. \_\_\_\_\_ MWEN **PA PÈMÈT** laprès, medya, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep), ak/oswa entèvyouve-li.

## Seksyon B - Lekòl piblik Broward County

Tanpri tcheke Chwa #1 oswa Chwa #2

1. \_\_\_\_\_ MWEN **PÈMÈT** lekòl piblik Broward County oswa founisè ak vandè Distrik-la apwouve, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li pou piblikasyon lekòl-la tankou albòm pwomosyon (school yearbooks), jounal lekòl, foto klas, sit Entènèt lekòl ak/oswa Distrik-la, medya sosyo, BECON TV, oswa pou tout lòt zouti kominikasyon. Mwen konprann Distrik-la blije kominike ransèyman li genyen si medya oswa lòt gwoup nan piblik-la fè demann-nan (vledi lè nou resevwa demann aksè nan dokiman piblik). *Pran nòt: Non pitit-ou, non pwofesè ak nimewo saldeklas petèt ka parèt nan piblikasyon lekòl-la.*
2. \_\_\_\_\_ MWEN **PA PÈMÈT** lekòl piblik Broward County oswa founisè ak vandè Distrik-la apwouve, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li pou piblikasyon lekòl-la, tankou albòm pwomosyon (school yearbooks), jounal lekòl, foto klas, sit Entènèt lekòl-la ak/oswa sit Distrik-la, medya sosyo, BECON TV, oswa pou tout lòt zouti kominikasyon.

---

Non elèv-la (EKRI AN LÈT DETACHE)

---

Siyati elèv-la

---

Dat

---

Paran/Gadyen (EKRI AN LÈT DETACHE)

---

Siyati Paran/Gadyen

---

Dat

# FERPA Fòm pou Notifye Chwa-ou Anne eskolè 2017/2018 (Tout klas)

**ATANSYON! Si ou tcheke yon ransèyman oswa plis savledi ransèyman ki tcheke pap parèt nan bibliyasyon lekòl, menmsi ou bay otorizasyon nan Seksyon B Fòm Otorizasyon bibliyasyon nan laprès ak medya (Media Release Form). Albòm pwomosyon (yearbook) ak lòt fòm ladann tou.**

Egzanp: Si ou tcheke "Non Elèv-la" anba a, foto elèv-la petèt pap parèt nan albòm pwomosyon (yearbook).

## REZON KI FÈ NOU KA KOMINIKE ENFÒMASYON

Repètwa/dosye enfòmasyon (*Directory Information*) gen ransèyman ki kapab idantifye pèsonnèlman yon elèv; jeneralman yo pa konsidere enfòmasyon-an kòm nwizib oswa kòm yon atak sou lavi prive si yo revele-li. Konfòmman avèk lwa *Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)*, *School Board of Broward County, Florida (SBBC)*, kapab revele, si li vle, ransèyman ki nan dosye enfòmasyon pa-li epi ki konsènen yon elèv, k'ap fè nenpòt klas, si paran-an oubyen elèv aje de 18 ane (dizwitan) oswa plis pa mande bloke enfòmasyon-an. SBBC rezève dwa-li pou li revele/kominike enfòmasyon ki nan *Directory Information* sèlman:

- bay kolèj, inivèsite oswa lòt enstitisyon edikasyon siperyè elèv-la anwole, ap chache anwolman oswa enstitisyon ki kapab rekrute elèv-la;
- pou bibliyasyon lekòl, materyèl edikatif ak lòt zouti kominikasyon pou lekòl (tankou albòm pwomosyon, pwogram espò, pwogram gradyasyon, bwochi rekritman, pwogram teyat, pou sit Entènèt lekòl-la, ak sit Distrik-la, medya sosyo, mesaj (postings) ak afich anedan lekòl-la epi pou tout lòt bi ki pa mansyone);
- bay reprezantan ofisyèl sante piblik Broward County ransèyman pou yo ka kominike avèk paran epi adrese kondisyon ki gen enpòtans sou plan sante piblik selon sa Regleman *Florida Department of Health (64D-3, F.A.C.)* detèminen; reprezantan-ya ka resevwa tou enfòmasyon ki va ede-ya afwonte oswa prepare pou yon pwoblèm sante piblik potansyèl epi konfime; ak/oswa
- pou pataje ransèyman avèk komite k'ap òganize reyinyon ansyen elèv (ak lòt komite sanblab) pou aktivite ki regade reyinyon yon pwomosyon."

## KALITE RANSÈYMAN KI NAN "DIRECTORY INFORMATION"

Fanmi/gadyen elèv k'ap fè nenpòt klas, oswa elèv ki elijib (vledi elèv ki gen plis pase dizwitan, minè emansipe, elèv k'ap frekante yon enstitisyon apre lekòl segondè), kapab chwazi pou lekòl-la pa revele yon pati oswa tout ransèyman ki nan *Directory Information*, lè li endike avèk yon tchèk (✓), ransèyman LEKÒL-LA PA DWE REVELE OSWA KOMINIKE:

- |  |  |  |
|--|--|--|
| <input type="checkbox"/> Non elèv-la   | <input type="checkbox"/> Non Paran                             | <input type="checkbox"/> Adrès rezidansyèl           |
| <input type="checkbox"/> Nimewo telefòn                                      | <input type="checkbox"/> Dat nesans                            | <input type="checkbox"/> Kote elèv-la fèt            |
| <input type="checkbox"/> Matyè prensipal li etidye                           | <input type="checkbox"/> Aktivite ak espò sou parenaj lekòl-la | <input type="checkbox"/> Wotèt ak pwa manm ekip espò |
| <input type="checkbox"/> Klas lap fè   | <input type="checkbox"/> Dat elèv-la prezan ak absan lekòl     | <input type="checkbox"/> Diplòm, pri ak rekonpans*   |
| <input type="checkbox"/> Non lekòl oswa pwogram elèv-la te ale anvan/resaman | <input type="checkbox"/> Nimewo saldeklas                      |  |

\*Diplòm, pri ak rekonpans enkli travay egzantplè (travay atistik tou), tout kalite distenksyon, ak ransèyman sou gradyasyon (egzanp, lis elèv k'ap diplome), epi ekskli mwayèn jeneral (Grade Point Average - GPA).

**PRAN NÒT: Chak ane, kit ransèyman ki anwo-a tcheke oswa pa tcheke, fòm-sa-a dwe konplete epi depoze nan lekòl-la, NAN 10 JOU APRE PREMÈ JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak ane eskolè.**

Non elèv-la \_\_\_\_\_ Lekòl \_\_\_\_\_

Non Paran/Gadyen Legal/Elèv ki Elijib (an lèt enprimri) \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen Legal/Elèv ki Elijib \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

Pou paran k'ap egzèze pwofesyon ak metye elijib:

**NÒT:** Konfòmman avèk lwa *Florida Statute 119.071*, moun k'ap egzèze sèten pwofesyon (mari oswa madanm ak timoun konsènen tou), enfòmasyon pèsonnèl seleksyonne ap rete konfidansyèl e lekòl-la pap revele enfòmasyon-an piblikman pouvike yo jwenn yon egzansyon. Soumèt yon demann alekri pou jwenn egzansyon-an. Si ou se yon anplwaye yon pwofesyon elijib epi ou vle mande pou enfòmasyon pèsonnèl ou rete konfidansyèl ensike enfòmasyon mari/ madan'ou ak pitit-ou, tanpri pran yon randevou avèk lekòl pitit-ou epi ranpli fòm *Parental Request for Exemption of Personal Information for Selected Occupations*.

# ESSA Fòm pou Notifye Chwa-ou (11<sup>zyèm</sup> & 12<sup>zyèm</sup> Ane) Ane eskolè 2017/2018

ESSA Opt-Out Form (11th & 12th Grades) 2017/2018 School Year

## LAME AK SÈVIS MILITÈ & APRE LEKÒL SEGONDÈ

Konfòmman avèk lwa Every Student Succeeds Act (ESSA), Distrik-la blije, sito li resevwa yon demann, san li pat bezwen konsantman anvan, revele epi kominike **non, adrès ak nimewo telefòn elèv** k'ap fè klas 11zyèm ak 12zyèm ane (grade), bay:

- **Lame/rekritè pou sèvis militè** (tankou District Commander oswa Senior Officer biwo rejyonal Lame oswa biwo annèks Lame, ak *United States Coast Guard*); Lame kapab itilize enfòmasyon-an pou voye notis pa lapòs bay elèv-yo konsènan opòtinite disponib nan Lame Etazini. Pèsonnèl Lame ki responsab jere lis-la dwe sekirize epi pwoteje konfidansyalite lis ki gen ransèyman elèv-yo.
- **Enstitisyon ansèyman siperyè (enstitisyon apre lekòl segondè)**. Pèsonnèl enstitisyon ansèyman siperyè, ki responsab jere lis-la, dwe pwoteje konfidansyalite lis ki gen ransèyman elèv-yo.

Sepandan, fanmi/gadyen ak elèv ki elijib (elèv ki gen 18 ane oswa plis) kapab chwazi anpeche lekòl-la kominike/revele ransèyman-sa-a si li fè konnen chwa-li anba-a.

Ransèyman yo kapab bay Lame/rekritè pou sèvis militè:

1. \_\_\_\_\_ MWEN **PÈMÈT** lekòl-la kominike Lame/rekritè pou sèvis militè, ransèyman limite, ki mansyonnen anwo a.
2. \_\_\_\_\_ MWEN **PA** pèmèt lekòl-la kominike Lame/rekritè pou sèvis militè, san mwen pat bay konsantman mwen anvan, ransèyman limite, ki mansyonnen anwo a.

Enfòmasyon yo kapab bay enstitisyon apre lekòl segondè:

1. \_\_\_\_\_ MWEN **PÈMÈT** lekòl-la kominike enstitisyon apre lekòl segondè ransèyman limite ki mansyonnen anwo-a.
2. \_\_\_\_\_ MWEN **PA** pèmèt lekòl-la kominike enstitisyon apre lekòl segondè, san mwen pat bay konsantman mwen anvan, ransèyman limite, ki mansyonnen anwo-a.

**PRAN NÒT: Chak ane, kèlkeswa opsyon ki chwazi-a, ou dwe ranpli fòm-sa-a epi soumèt/depoze-li nan lekòl-la, NAN 10 JOU APRE PREMYE JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak ane eskolè.**

Anplis fòm-sa-a, tout elèv onzyèm ak douzyèm ane (11<sup>th</sup> and 12<sup>th</sup> grade) dwe konplete FERPA Fòm pou notifye chwa-ou (FERPA Opt Out Notification) yo kapab jwenn nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv.

Non elèv-la \_\_\_\_\_ Klas (Grade) \_\_\_\_\_

Ayeskoul (High School) \_\_\_\_\_

Non Paran/Gadyen/Elèv ki Elijib (ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen/Elèv ki Elijib \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

## Fòm pou mande yon egzansyon pou klas Lavi Fanmi/Edikasyon Seksyèl 2017/2018 (Pou tout klas)

Lwa Leta Florid Statute 1003.42 ekzije pou yo anseye klas Edikasyon seksyèl (Human Sexuality Education) nan kad Pwogram ansèyman konplèt sou sante (Comprehensive Health Education Program). School Board of Broward County, Florida, otorize lekòl-yo anseye klas Lavi Fanmi/Edikasyon Seksyèl ak Prevansyon VIH/SIDA (Family Life/Human Sexuality and HIV/AIDS Prevention) kòm yon konpozan klas Edikasyon Lasante.

Regleman Family Life/Human Sexuality Policy, Policy 5315 deklare:

“Li esansyèl pou nou gen yon kourikoulòm konplèt sou sante ak edikasyon seksyèl, pwogram ki dwe konfòm ak rekòmandasyon nòm nasyonnal pou Edikasyon seksyèl. Konsa chak elèv kapab resevwa menm kalite enfòmasyon, nesèsè pou ede-li konprann klas-sa-a epi viv an sante.”

Lekòl piblik Broward County respekte dwa fanmi ak wòl-yo nan edikasyon pitit-yo. Selon Lwa Florid Florida Statute 1003.42(3), “Nenpòt elèv fanmi-li ekri direktè lekòl-la pou mande yo egzante pitit-li nan klas kote pwofesè anseye sante repwodiksyon (reproductive health) oswa bay enfòmasyon sou nenpòt maladi, nan klas kote pwofesè diskite VIH ak SIDA (HIV/AIDS), sentòm maladi-a, devlopman ak tretman-li, ap jwenn yon egzansyon pou klas-la, san elèv-la pa bezwen pè yo pini-li.”

Si ou pa vle pitit-ou patisipe epi ou vle nou eskize l pou klas-sa-a, ranpli fòm ki anba-a epi retounen-ni nan lekòl pitit-ou. Nou kapab fè aranjman pou pitit-ou gen yon lòt aktivite oswa devwa lè yap esplike leson Lavi Fanmi/Edikasyon seksyèl (Family Life/Human Sexuality).

Nou apresye enterè-ou ak kowoperasyon-ou nan aplikasyon Pwogram ansèyman konplèt sou sante.

---

Direktè lekòl-la te chwazi pwofesè ki resevwa fòmasyon Distrik-la rekòmande pou vin fè prezantasyon kourikoulòm Family Life/Human Sexuality. Ekspè Distri-a apwouve kapab fè prezantasyon tou sou prevansyon enfeksyon ak maladi seksyèlman transmisib.

Ou kapab revwa epi gade kontni pwogram ansèyman-an (kourikoulòm) ak materyèl edikatif lè ou vizite sit Entènèt <http://www.browardprevention.org/health-wellness/sexual-health/curriculum1/> oswa pran yon randevou ak lekòl pitit-ou. Ou kapab jwenn resous adisyonnèl ki disponnib sou sit [www.browardprevention.org/health-wellness/sexual-health/](http://www.browardprevention.org/health-wellness/sexual-health/).

**Pran nòt: Si ou pa vle pitit-ou patisipe epi ou vle nou eskize l pou klas sa, ranpli fòm-sa-a epi soumèt/depoze fòm-la nan lekòl-la, chak ane, NAN 10 JOU APRE PREMYE JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak ane eskolè. Si ou pa retounen fòm-sa, sa va ban-nou pèmisyon pou kite pitit-ou patisipe nan klas Family Life/Human Sexuality epi swiv leson kourikoulòm-la.**

\_\_\_\_ Mwen **PA VLE** pitit-mwen patisipe nan okenn leson Family Life/Human Sexuality.

Non lekòl-la \_\_\_\_\_

Non elèv-la \_\_\_\_\_ Klas (Grade) \_\_\_\_\_

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

# Fòm Otorizasyon pou bay yon elèv medikaman 2017/2018 (Tout klas)

## THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Coordinated Student Health Services • 1400 NW 14th Court, Ft. Lauderdale, FL 33311 • (754) 321-1575

### Prescription or Over-the-Counter Medication

(THIS SECTION IS TO BE COMPLETED BY THE ATTENDING PHYSICIAN ONLY)

(Medikaman sou Preskripsyon oswa Medikaman achte sou Kontwa - Se sèl yon Doktè ki kapab konplete seksyon-sa)

Student Name \_\_\_\_\_ Date of Birth \_\_\_\_\_ Grade \_\_\_\_\_

School \_\_\_\_\_ Phone # \_\_\_\_\_ Fax # \_\_\_\_\_

Allergies \_\_\_\_\_

Diagnosis \_\_\_\_\_

MEDICATION	DOSAGE & ROUTE	FREQUENCY	SPECIFIC TIMES	SPECIAL INSTRUCTIONS/ SIDE EFFECTS

List any emergency precautions/health emergencies that should be anticipated for this student; (e.g., allergy triggers, diabetic reactions): \_\_\_\_\_

There are no extraordinary emergency medical services available at school. Since only CPR and first aid are available until 911 arrives, is this adequate for student survival?  YES  NO, IF "NO", specify: \_\_\_\_\_

Physician's Name (Print) \_\_\_\_\_ Physician's Signature \_\_\_\_\_

Physician's Office Address \_\_\_\_\_

Physician's Telephone # \_\_\_\_\_ Physician's Fax # \_\_\_\_\_

Date Completed \_\_\_\_\_

\*\*\*\*\*

This information will be obtained by School Board District Personnel

## OTORIZASYON PARAN NESESÈ POU BAY YON ELÈV MEDIKAMAN

(SE SÈL PARAN/GADYEN KI DWE RANPLI SEKSYON-SA)

Non elèv-la \_\_\_\_\_ Dat nesans \_\_\_\_\_ Klas (Grade) \_\_\_\_\_

Mwen bay direktè-a oswa anplwaye ki deziyen, pèmasyon pou li asiste pitit-mwen oswa ba-li chak dòz medikaman diran yon jounen lekòl epitou fè demèm lè pitit-mwen ap patisipe nan aktivite ak evènman ofisyèl lekòl-la òganize nan lòt kote. Si doktè pitit-mwen otorize pitit-mwen pran medikaman-li poukont li, mwen bay pèmasyon pou pitit-mwen pran medikaman-an poukont li lè li lekòl epitou lè lap patisipe nan aktivite ak evènman ofisyèl lekòl-la òganize nan lòt kote. Sizoka pitit-mwen pa ka pran medikaman-an poukont li, mwen bay direktè-a/anplwaye ki deziyen, pèmasyon pou bay pitit-mwen medikaman doktè-a preskri l.

### PRAN NÒT:

- **Pote medikaman-an nan flakon famasi a vann li.** Mande famasi-a pou li ba-ou de flakon, chak flakon gen yon etikèt ki gen tout enfòmasyon ak enstriksyon ki nesèsè, yon flakon pou lakay-ou epi lòt la pou nou kenbe nan lekòl-la.
- Anplwaye lekòl-la kapab administre medikaman doktè otorize.
- Se responsablite-ou pou notifiye lekòl-la lè doktè-a chanje dòz medikaman oswa preskri yon lòt.

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_ Siyati Paran/Gadyen \_\_\_\_\_

Dat fòm-la siyen \_\_\_\_\_ # telefòn lakay \_\_\_\_\_ # Telefòn lakay/selilè \_\_\_\_\_

(Estansyon si ou gen youn)

# Fòm Otorizasyon pou Tretman 2017/2018 (Tout klas)

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA  
Coordinated Student Health Services • 1400 NW 14th Court, Ft. Lauderdale, FL 33311 • (754) 321-1575

## Authorization for Treatment

(THIS SECTION IS TO BE COMPLETED BY THE ATTENDING PHYSICIAN ONLY)

(Otorizasyon pou Tretman - Se sèl yon Doktè ki kapab konplete seksyon sa)

Student Name \_\_\_\_\_ Date of Birth \_\_\_\_\_ Grade \_\_\_\_\_  
School \_\_\_\_\_ Phone # \_\_\_\_\_ Fax # \_\_\_\_\_  
Diagnosis \_\_\_\_\_ Allergies \_\_\_\_\_

TREATMENTS DURING SCHOOL HOURS \_\_\_\_\_  
TREATMENT PLAN: \_\_\_\_\_

PROCEDURE	TYPE	MEDS/FEEDING AMOUNT	FREQUENCY / SPECIFIC TIMES	RATE / FLOW
Catheterization				
Feedings	<input type="checkbox"/> G-Tube      J-Tube <input type="checkbox"/> NG-Tube      Special _____			
Suctioning	<input type="checkbox"/> Oropharynx <input type="checkbox"/> Tracheostomy      Deep <input type="checkbox"/> Surface			
Tracheostomy	<input type="checkbox"/> Tube Replacement <input type="checkbox"/> Care (Cleaning)			
CPT				
Oxygen/Misting				
Ventilator				
Nebulizer Tx				
Pulse Oximeter				

Are any of the above procedures required for emergency care?  YES  NO, IF "YES", specify: \_\_\_\_\_

List any procedures the student has been trained to perform \_\_\_\_\_

List any limitations/precautionary measures that should be considered; e.g., physical education, outdoor activities, transporting, lifting, moving, special devices/equipment: \_\_\_\_\_

List any emergency precautions/health emergencies that should be anticipated for this student; (e.g., allergy triggers, diabetic reactions): \_\_\_\_\_

There are no extraordinary emergency medical services available at school. Since only CPR and first aid are available until 911 arrives, is this adequate for student survival?  YES  NO, IF "NO", specify: \_\_\_\_\_

Physician's Name (Print) \_\_\_\_\_ Physician's Signature \_\_\_\_\_

Physician's Office Address \_\_\_\_\_

Physician's Telephone # \_\_\_\_\_ Physician's Fax # \_\_\_\_\_

Date Completed \_\_\_\_\_

\*\*\*\*\*

This information will be obtained by School Board District Personnel

### OTORIZASYON PARAN NESESÈ POU BAY MEDIKAMAN

(SE SÈL PARAN/GADYEN KI DWE KONPLETE SEKSYON-SA-A)

Non elèv-la \_\_\_\_\_ Dat nesans \_\_\_\_\_ Klas (Grade) \_\_\_\_\_

Mwen bay direktè lekòl-la oswa anplwaye ki deziyen pèmision pou li asiste pitit-mwen oswa egzekite chak tretman/pwosedè pou pitit-mwen diran yon joune lekòl, epitou fè demèm lè pitit-mwen ap patisipe nan aktivite ak evènman ofisyèl lekòl-la òganize nan lòt kote. Si doktè pitit-mwen otorize pitit-mwen pran medikaman-an poukont li, mwen bay pitit-mwen pèmision pou li fè tretman-an ak ekipman medikal ki nesèsè pou administre lè li nan lekòl-la epitou ak lè lap patisipe nan aktivite ak evènman ofisyèl lekòl-la òganize nan lòt kote. Sizoka pitit-mwen pa ka fè tretman-an poukont li, mwen bay pèmision pou direktè-a/anplwaye ki deziyen pou fè pou pitit-mwen tretman doktè-a preskri. **PRAN NÒT: Anplwaye lekòl-la kapab administre sèlman tretman yon doktè otorize. Se responsablite-ou pou notifye lekòl-la lè gen chanjman nan tretman-nan.**

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_ Siyati Paran/Gadyen \_\_\_\_\_

Dat fòm-la siyen \_\_\_\_\_ # telefòn lakay \_\_\_\_\_ # telefòn travay/selijè \_\_\_\_\_  
(Estansyon si ou gen youn)



# Otorizasyon pou medikaman espesifik ki achte sou kontwa avèk konsantman paran (Klas 9-12)

## THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Coordinated Student Health Services • 1400 NW 14th Court, Ft. Lauderdale, FL 33311 • (754) 321-1575

### Fòm Otorizasyon pou medikaman espesifik ki achte sou kontwa avèk konsantman paran - Klas 9-12

(Authorization for Selected Over-The-Counter (OTC) Medication with Parental Approval Form Grades 9-12)

**Enstriksyon:** Paran/gadyen dwe konplete chak seksyon pou elèv-la ka pote medikaman-an oswa pran medikaman-an poukont li. Tcheke lis medikaman ou ka achte sou kontwa (*Over-the-Counter medication - OTC*). Konsantman paran nesèsè. Fòm-la valab sèlman lè tout seksyon-yo konplete. Paran/gadyen, elèv dwe siyen fòm-la epi fè notarye fòm-la.

**Enstriksyon:** Paran/gadyen dwe konplete chak seksyon pou elèv-la ka pote epi pran poukont li medikaman espesifik ki achte sou kontwa (OTC). Konsantman paran nesèsè. Fòm-la valab sèlman lè tout seksyon-yo konplete. Paran/gadyen, elèv dwe siyen fòm-la epi fè notarye fòm-la.

#### I. Enfòmasyon sou Elèv/Paran

Non elèv-la (Ekri an lèt detache)		Dat nesans:	Alèji	Klas (Grade):
Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache)			Adrès:	
Nimewo telefòn lakay:	Nimewo telefòn travay:	Lèt nimewo telefòn:		

#### II. Medikaman (Se sèl Paran/Gadyen ki dwe konplete seksyon sa)

DEMANN SA VALAB POU ANNE ESKOLÈ 20\_\_\_\_ - 20\_\_\_\_ OSWA DEPI \_\_\_\_\_ RIVE \_\_\_\_\_  
Ou ka seleksyone **YON sèl** medikaman. Yon elèv ka pote sèlman **2 dòz** medikaman-an

Elèv-la dwe pran medikaman-an nan bouch	Dòz ak akilè	Sentòm	Kòmantè	Dat espirasyon medikaman-an
<b>Acetaminophen (Tylenol)</b> <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Pran medikaman-an selon sa ki ekri sou etikèt-la. Swiv rekòmandasyon fabrikasyon an	Pou soulajman ti doule; (nan lekòl-la nou pap trete yon elèv si tanperati kò-li 100.4)	Lekòl-la va voye lakay-li tout elèv ki gen yon tanperati kò pi wo pase 100.4	
<b>Calcium Carbonate</b> <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Pran medikaman-an selon sa ki ekri sou etikèt-la. Swiv rekòmandasyon fabrikasyon an	Pou vant fè mal oswa lestomak boule	Avètisman: Ka lakòz konstipasyon	
<b>Ibuprofen (Advil, Motrin)</b> <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Pran medikaman-an selon sa ki ekri sou etikèt-la. Swiv rekòmandasyon fabrikasyon an	Pou soulaje doule nan kò & doule règ; (nan lekòl-la nou pap trete yon elèv si tanperati kò li 100.4)	Avètisman: Pa gen okenn aspirin ladann men yon elèv ki gen las oswa fè alèji ak aspirin pa dwe pran medikaman sa	
<b>Midol</b> <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Pran medikaman-an selon sa ki ekri sou etikèt-la. Swiv rekòmandasyon fabrikasyon an	Kolik, règ	Avètisman: Elèv ki sansib a aspirin dwe pran anpil prekosyon	
<b>Allegra</b> <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Pran medikaman-an selon sa ki ekri sou etikèt-la. Swiv rekòmandasyon fabrikasyon an	Pou soulaje sentòm alèji sezonye (estènen, grate, larim - sneezing, itching, runny nose)	Avètisman: Evite pran lòt medikaman pou grip oswa alèji sòf si doktè-ou te di-ou ou ka pran l	
<b>Lactaid</b> <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Pran medikaman-an selon sa ki ekri sou etikèt-la. Swiv rekòmandasyon fabrikasyon an	Entolerans a laktòz	Pa gen okenn efè segondè si yo pran l an ti dòz	
<b>Claritin</b> <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Pran medikaman-an selon sa ki ekri sou etikèt-la. Swiv rekòmandasyon fabrikasyon an	Pou soulaje sentòm alèji sezonye (estènen, grate, larim - sneezing, itching, runny nose)	Avètisman: Evite pran lòt medikaman pou grip oswa alèji sòf si doktè-ou te di-ou ou ka pran l	

**III. Otorizasyon Paran (Se sèl Paran/Gadyen ki dwe ranpli seksyon-sa)**

Lè mwen siyen anba, mwen-menm (paran oswa gadyen) konprann pitit-mwen va pote epi pran poukont li medikaman espesifik ki achte sou kontwa sèlman avèk pèmasyon mwen. Mwen konprann si m kite pitit-mwen pote sou li epi pran poukont li medikaman-an, mwen va asime tout responsablite pou tout konsekans ki va rive akòz pitit-mwen pran poukont li medikaman-an. Mwen konprann tout medikaman dwe nan flakon famasi a vann li epi tout non elèv-la (pitit-mwen) dwe make aklè sou etikèt ki sou flakon-an. Mwen rekonèt mwen pale ak pitit gason/pitit-fi mwen epi di-li si li pran plis pase de (2) dòz medikaman, chak jou, si li vann oswa pase medikaman-an, li va sibi yon konsekans/aksyon disiplinè jan sa esplike nan Plan Disiplin Distri-a (*District's Discipline Matrix*). Lè mwen siyen fòm-sa, mwen va pran responsablite m pou tout konsekans ki va rive akòz pitit-mwen pote sou li epi pran poukont li medikaman espesifik ki achte sou kontwa. Mwen pap rann School Board of Broward County, Florida responsab si pitit gason/pitit-fi mwen pran plis pase dòz ki otorize, si li vann oswa pase medikaman ki idantifye anwo a.

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen \_\_\_\_\_ Sa li ye pou elèv-la \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn lakay \_\_\_\_\_ Nimewo telefòn biznis/pòtab \_\_\_\_\_

Imel adrès/kourye elektwonik \_\_\_\_\_

**IV. Elèv-la rekonèt responsablite-li (Se sèl elèv-la ki kapab konplete seksyon sa)**

Non elèv-la (Ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_

Siyati elèv-la \_\_\_\_\_

**V. To Be Completed by Notary Public Only**

STATE OF FLORIDA

COUNTY OF \_\_\_\_\_

The foregoing instrument was acknowledged before me this \_\_\_\_\_ day of \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_, by

\_\_\_\_\_.

Personally Known \_\_\_\_\_ OR Produced Identification \_\_\_\_\_

Type of Identification Produced \_\_\_\_\_

(Notary Seal)

\_\_\_\_\_  
Official Notary Signature

\_\_\_\_\_  
Printed Name of Notary

# Otorizasyon pou Pwodi topikal ki achte sou kontwa avèk konsantman Paran (Pou tout Klas)

## THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Coordinated Student Health Services • 1400 NW 14th Court, Ft. Lauderdale, FL 33311 • (754) 321-1575

### Fòm Otorizasyon pou Pwodi topikal ki achte sou kontwa avèk konsantman Paran - Pou tout Klas

(Authorization for Over-The-Counter (OTC) Topical Products with Parental Approval Form All Grades)

Fòm-la valab pou ane eskolè 20 \_\_\_\_ - 20 \_\_\_\_

**Enstriksyon:** Paran/gadyen dwe konplete chak seksyon pou elèv-la ka pote epi mete/aplike poukont li pwodi topikal achte sou kontwa (*Over-the-Counter Topical Products*). Konsantman paran nesesè. Fòm-la valab sèlman lè tout seksyon-yo konplete.

#### I. Enfòmasyon sou Elèv/Paran

Non elèv-la (Ekri an lèt detache)	Dat nesans	Alèji	Klas (Grade)
Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache)		Adrès:	
Telefòn lakay:	Telefòn travay:	Lòt nimewo telefòn:	

Se Paran/Gadyen ki dwe konplete seksyon sa

#### ESPRE (AEROSOL) OSWA PONP MEDIKAMAN (PUMP PRODUCTS) ENTÈDI

##### **Pwodi pou repouse ensèk ak moustik (Bugs, Insect & Mosquito Repellent)**

Sèlman nan ka sa, elèv-la pote epi mete sou po-li *wipes*, ti sèvyèt oswa losyon

Inisyèl Paran: \_\_\_\_\_

Administre selon sa ki sou etikèt-la epitou selon rekòmandasyon fabrikan-an

##### **Pwodi krèm solè (Sunscreen Products)**

Elèv-la pote krèm solè a epi aplike l poukont li

Inisyèl Paran: \_\_\_\_\_

Administre selon sa ki sou etikèt-la epitou selon rekòmandasyon fabrikan-an

#### Otorizasyon Paran (Se sèl Paran/Gadyen ki dwe konplete seksyon sa)

Lè mwen siyen anba a, mwen-menm (paran oswa gadyen) konprann pitit-mwen va mete/aplike poukont li pwodi topikal ki achte sou kontwa sèlman avèk pèmision mwen; yon pwofesyonèl lasante pap ede pitit-mwen ditou. Mwen siyen epi rekonnèt pwodi topikal-la apwopriye pou laj pitit-mwen. Mwen konprann m ka kite pitit-mwen pote epi administre poukont li pwodi topikal ki mansyone anwo a epi mwen va asime responsablite mwen pou tout konsekans ki va rive akòz pitit gason/pitit-fi-mwen te administre pwodi a poukont li. Mwen konprann pitit-mwen ka pote sou li chak pwodi topikal, nan yon flakon byen fèmen epitou non elèv-la dwe make aklè sou etikèt-la. Mwen rekonnèt mwen pale ak pitit gason/pitit-fi-mwen, epitou fè li konprann li dwe itilize pwodi a yon fason responsab, si li vann oswa pase pwodi a bay yon lòt moun, li va sibi yon konsekans/aksyon disiplinè jan sa eslike nan Plan Disiplin Distri-a. Lè mwen siyen fòm-sa, mwen va pran responsablite m pou tout konsekans ki va rive akòz pitit-mwen te administre pwodi topikal ki mansyone anwo a. Mwen pap rann School Board of Broward County, Florida, responsab si pitit-mwen mal itilize, vann oswa pase pwodi topikal ki idantifye anwo a.

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen \_\_\_\_\_ Sa li ye pou elèv-la \_\_\_\_\_

Telefòn lakay \_\_\_\_\_ Nimewo biznis/nimewo pòtab \_\_\_\_\_

Imel adrès/kourye elektwonik \_\_\_\_\_

## Tès deteksyon pwoblèm sante - Fòm pou notifiye chwa-ou 2017/2018 (Grades KG, 1<sup>st</sup>, 3<sup>rd</sup> ak 6<sup>th</sup>)

### THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Coordinated Student Health Services • 1400 NW 14th Court, Ft. Lauderdale, FL 33311 • (754) 321-1575

### Tès deteksyon pwoblèm sante - Fòm pou notifiye chwa ou (Health Screening Opt-Out Form)

Konfòmeman ak direktiv Lejislati Leta Florid tabli, òkòmansman chak ane eskolè, lekòl-la va notifiye fanmi sou tout tès deteksyon (screening) ki disponnib nan pwogram sèvis sante lekòl-la (**School Health Services Program**). Lwa Leta Florida Statue 381.0056(7)(d), mandate lekòl-la pou li fè tès deteksyon pwoblèm sante pou elèv lekòl piblik k'ap fè klas Kindègadenn (KG), premye, twazyèm ak sizyèm ane (1<sup>st</sup>, 3<sup>rd</sup> and 6<sup>th</sup> grades) epitou pou nouvo elèv ki fèk antre nan lekòl ki nan konte a. Li enpòtan pou fanmi konprann tès deteksyon-sa-yo pa ranplase yon konsiltasyon kay yon doktè.

Tès deteksyon (screenings) evalye jan elèv wè, tande, wotè ak pwa, endis mas kòpòrèl (Body Mass Index - BMI) ak eskolyòz. Nou ofri tès-sa-yo pou nou ka diminye obstak nan aprantisay; elèv-yo kapab pran tès-yo an gwoup oswa sèl. **Fanmi oswa gadyen legal gen opsyon mande pou pitit-li pa patisipe nan tès deteksyon-yo.**

*Tanpri note: si ou **PA** vle pitit-ou fè yon tès deteksyon oswa plis, tanpri tcheke anba-a kare ki kòrèk-la, ekri non-ou an lèt detache epi siyen fòm-la, re-tounen fòm-sa nan lekòl pitit-ou NAN 10 JOU APRE PREMYE JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman, nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak ane eskolè.*

Non elèv-la \_\_\_\_\_ Sèks (Gender) \_\_\_\_\_

Lekòl \_\_\_\_\_ Ane (Grade) \_\_\_\_\_

#### PA FÈ TÈS DETEKSYON POU (DO NOT SCREEN):

- Zye - Vision** (Kindègadenn, 1er ane, 3zyèm ak 6zyèm ane - Grades KG, 1<sup>st</sup>, 3<sup>rd</sup> and 6<sup>th</sup>)
- Tande - Hearing** (Kindègadenn, 1er ak 6zyèm ane - Grades KG, 1<sup>st</sup> and 6<sup>th</sup>)
- Wotè ak pwa - Height and Weight / BMI** (1er, 3zyèm, ak 6zyèm ane - Grades 1<sup>st</sup>, 3<sup>rd</sup> and 6<sup>th</sup>)
- Eskolyòz - Scoliosis** (Sizyèm ane - Grade 6<sup>th</sup>)

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

# Fòm Florida Heiken Children's Vision Program 2017/2018 (Pou tout kas)



**THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA**  
Coordinated Student Health Services • 1400 NW 14th Court, Ft. Lauderdale, FL 33311 • (754) 321-1575

## Florida Heiken Children's Vision Program (Broward Free Eye Exam & Eyeglasses School Program)

Si pitit-ou pat pase tès medikal pou zye, epi si li elijib, pwogram Florida Heiken Children's Vision ak espesyalis zye, ki patisipan nan pwogram-la, kapab fè konsiltasyon **GRATIS** pou pitit-ou, san itilize pwosede nwizib, dilate zye-li epi ba-li preskripsyon linèt, **GRATIS**, si sa nesesè. Pou jwenn sèvis **GRATIS**-sa-a, ranpli, siyen epi retounen fòm-sa-a nan lekòl pitit-ou. Pou plis enfòmasyon, rele nimewo 1-888-996-9847 oswa vizite sit: [http://miamilighthouse.org/Florida\\_Heiken\\_Program.asp](http://miamilighthouse.org/Florida_Heiken_Program.asp)

Non lekòl-la (Tout non-an nèt) \_\_\_\_\_ Ane (Grade) \_\_\_\_\_ Pwofesè \_\_\_\_\_ I.D. elèv-la \_\_\_\_\_

Non elèv-la \_\_\_\_\_ Gason/Fi (Sèkle youn) \_\_\_\_\_ Dat nesans elèv-la \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_ Apt. \_\_\_\_\_ Vil \_\_\_\_\_ Zipkòd \_\_\_\_\_

Telefòn lakay \_\_\_\_\_ Nimewo telefòn nou ka kontakte Paran/Gadyen diran lajounen \_\_\_\_\_

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_ imel adrès \_\_\_\_\_

Gwoup etnik (Sèkle youn): Afriken-Ameriken Azyatik Ispanik Amerendyen Blan (Pa Ispanik) Ayisyen Lòt gwoup etnik \_\_\_\_\_

Lang ou pale (Sèkle youn): Angle Espayòl Kreyòl ayisyen Pòtigè Lòt lang \_\_\_\_\_

Èske pitit-ou te wè yon doktè je lane dènye? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_ Èske pitit-ou pote linèt? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_

Tanpri ekri non tout medikaman pitit-ou ap pran kounyea oswa gout pou zye pitit-ou itilize: \_\_\_\_\_

Tanpri fè lis alèji pitit-ou genyen: \_\_\_\_\_

Èske pitit-ou gen bezwen espesyal/reta nan devlopman? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_ Esplike: \_\_\_\_\_

Èske pitit-ou bezwen asistans espesyal, èd oksilyè (tankou sèvis yon entèprèt, kominike ak siy, aparèy pou ede-li wè, chèz woulant, ekriti Bray)? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_ Si ou reponn wi, tanpri esplike: \_\_\_\_\_

Èske **pitit-ou** gen pwoblèm sante:

- | WI                       | NON                      |                                     |
|--------------------------|--------------------------|-------------------------------------|
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Operasyon nan zye/donmaj nan je     |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Terapi pou amelyore fason ou wè     |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Maltèt                              |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Glokòm                              |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Dyabèt                              |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Anemi falsifòm - <i>Sickle Cell</i> |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Las (Asthma)                        |

Èske nan **fammi** pitit-ou gen moun ki gen youn nan pwoblèm/kondisyon-sa-yo:

- | WI                       | NON                      |                                     |
|--------------------------|--------------------------|-------------------------------------|
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Je lanvè / Eye Turn / Lazy Eye      |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Avèg                                |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Macular Degeneration                |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Glokòm                              |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Tansyon wo                          |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Anemi falsifòm - <i>Sickle Cell</i> |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Lòt eta sante/ lòt maladi           |

Tanpri bay yon esplikasyon kote ou reponn "WI": \_\_\_\_\_

**Konsantman pou konsiltasyon zye** - Lè mwen siyen anba, mwen otorize pwogram Florida Heiken Children's Vision Program pou li fè pou pitit-mwen ki elijib, yon konsiltasyon konplèt, epi dilate zye pitit-mwen; yon espesyalis zye (optometris) va konsilte pitit-mwen swa lekòl la nan klinik mobil, oswa nan klinik yon optometris k'ap patisipe nan pwogram-la.

**Notice of privacy practices** - Avi sou konfidansyalite dosye - Lè mwen siyen anba-a, mwen konprann Notice of Privacy Practices pou pwogram Florida Heiken Children's Vision Program disponnib pou mwen ka egzaminen depi m ta vle mande yon kopi. Pou jwenn yon kopi, mwen ka rele nimewo (305) 856-9830/(888) 996-9847.

**Echanj enfòmasyon** - Lè mwen siyen anba a, mwen otorize kominikasyon ransèyman ant Florida Heiken Children's Vision Program ak lekòl piblik Broward County (BCPS). Yo ka kominike yon pati oswa tout rapò medikal sou pitit-mwen bay pwofesyonèl sante k'ap patisipe nan pwogram-la, pou detèminen swen apwopriye pou pitit-mwen. Mwen otorize tou BCPS kominike tout ransèyman yo mande konsènan elijibilite pitit-mwen nan pwogram manje midi gratis oswa pi bon mache epitou kominike tout enfòmasyon ki manke oswa ki pa fin klè, yo bezwen pou verifye aplikasyon-an. **Mwen-menm/Nou-menm pap rann responsab County School Board pou okenn donmaj oswa reklamasyon alaswit patisipasyon-mwen nan pwogram Florida Heiken Children's Vision Program poutèt aksidan oswa malè ki te rive pitit-mwen/timoun Leta anchaj, lè li te patisipe nan pwogram-la.**

**SIYATI PARAN RESPONSAB LEGALMAN (ki va resevwa rezilta konsiltasyon-an)** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

**Otorizasyon pou mande konpayi asirans peye** - Si pitit-mwen gen yon plan asirans pwogram-la ka asepte epi pitit-mwen gen opòtinite pou youn espesyalis zye konsilte li diran yon vizit nan klinik mobil-la (sèlman nan ka sa), mwen otorize pwogram Florida Heiken Children's Vision Program voye yon bòdwò (bil) pou mande konpayi asirans pitit-mwen peye, pou youn konsiltasyon konplèt, dilate zye li epi preskripsyon linèt, si sa nesesè. Si yo preskri pitit-mwen linèt (yo ofri monti linèt seleksyonne, lantiy poly, klè, senp san opsyon - no add-ons). Mwen konprann yo va itilize asirans mwen pitit-mwen.

**Siyati (Otorizasyon pou voye bil la bay konpayi asirans-la)** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

Pwogram Florida Heiken Children's Vision se yon òganizasyon ki ofri chans egal. Li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè po, relijyon, zansèt, laj, gason oswa fi, eta sivil, nasyonalite, andikap, oswa si ou veteran. Li asepte tout aplikan depi yo kalifye.

<p><b>For School Personnel Use Only:</b> County: <b>Broward</b> Referring school/agency: _____ <b>Vision Screening Fail Date (Mandatory):</b> _____ <b>Qualifies for Free/Reduced Program (Circle One):</b> YES NO <b>Signature:</b> _____ <b>Date:</b> _____</p>	<p><b>For Heiken Use Only:</b> Scanned <input type="checkbox"/> Account #: _____ Eligibility Status: _____ Eligibility Date: _____ Insurance: _____</p>
---	---



School/Agency: Please fax completed form with Heiken Fax Cover Sheet to (305) 856-9840 / 1(888) 980-8474



## Fòm Prè Elèv ak Fanmi Resevwa Liv Kòd Kondwit pou Elèv

### Acknowledgement Form

Nan liv-sa-a, yo pibliye regleman Distrik-la nan Policy 5.8, pou elèv lekòl piblik Broward County. Regleman-yo aplikab pou tout aktivite k'ap fèt sou teren yon lekòl oswa nan tout lòt kote lekòl-la chwazi pou òganize aktivite; regleman-yo aplikab nan tout machin ki otorize transpòte elèv. Lè ou siyen anba-a sa pa vledi ou dakò oswa ou pa dakò avèk regleman-yo, **men savledi ou revwa regleman-sa-yo nan yon fòm elektwonik, ki se yon kopi** (<http://www.browardschools.com/codeofconduct>). Retounen fòm-sa-a nan lekòl-la 3 jou apre premye jou lekòl louvri oswa retounen fòm-nan, nan twa jou apati dat anwolman elèv-la. Si ou pito ranpli tout fòm-yo, selon yon mwayen elektwonik, ale sou sit (<http://browardschools.com/backtoschool>) pou jwenn aksè nan fòm-yo epi ak gid pou rantrè klas (Back to School Toolkit). Se fòm ou blije ranpli.

Manman/Papa dwe patisipe nan edikasyon pitit-yo epi gen responsablite:

- Konnen pou sekirite nan lekòl-la, lekòl-yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit anvan lè ofisyèl lekòl-la kòmanse, ni lekòl-yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit apre lè ofisyèl lekòl-la fèmen (FS 1003.31(2)).
- Konnen pou sekirite lekòl-la, epi konsènan elèv ki pran bis lekòl-la, chofè bis-la PA gen dwa rete sou wout pou kite elèv desann bis-la sòf nan estòp ki prevwa pou elèv-yo desann.
- Bay lekòl la, chak ane, non ak/oswa nimewo telefòn kounye-a moun lekòl-la kapab kontakte nan ka ijans (emèjensi) epi fè lekòl-la konnen lè gen chanjman nan ransèyman-an.
- Avèti lekòl-la sou tout sa ki kapab afekte kapasite pitit-yo pou yo aprann, vini lekòl regilyèman, oswa patisipe nan aktivite eskolè.
- Konnen yo dwe bay pitit-yo medikaman annakò ak regleman SB Policy 6305, selon amannman ki pase, konnen konsekans pou fè pase ak/oswa vann oswa eseye vann medikaman achte sou kontwa, genyen ak/oswa itilize medikaman ki pa otorize se regleman ki esplike nan regleman SB Policy 5006. Regleman SB Policy 6305 esplike regleman konsènan medikaman achte sou kontwa ak regleman aplikab nan ka medikaman doktè preskri epi SB Policy 5006 esplike konsekans vyolasyon regleman-sa-yo. Ou kapab gade okonplè regleman sou keksyon sante, sispansyon ak/oswa ekspilasyon epi tout regleman School Board sou sit Entènèt [www.Broward.k12.fl.us/sbbcpolicies](http://www.Broward.k12.fl.us/sbbcpolicies).
- Andwa konnen si lekòl pitit-ou kenbe dosye elèv-yo konfidansyèl epi prive jan sa defini nan seksyon VIII liv-sa-a.
- Konnen ni School Board of Broward County ni anplwaye-li pap responsab pou bagay ki entèdi epi pèdi, yo vòlè oswa konfiske; epitou pou aparèy telekomunikasyon san fil (wireless communication devices) oswa lòt aparèy teknolojik pèsònèl ki pèdi, vòlè, oswa konfiske.
- Konnen bagay lekòl-la sezi epi yo pa reklame nan fen ane eskolè-a, yap bay-yo nan òganizasyon charitab zòn-nan.
- Konnen yo responsab pou kondwit pitit-yo aleritou ant lekòl-la ak lakay-yo epi nan estòp bis-la. Yon anviwonman aprantisay ki ofri sekirite e ki favorize aprann se kle pou siksè akademik; kifè, tout aksyon yon elèv fè andeyò kanpis lekòl-la kapab afekte seryèzman abilte yon lòt elèv pou li aprann lekòl oswa kapab afekte abilte yon manm pèsònèl lekòl-la pou li anseye, aksyon-an ap trete kòm yon enfraksyon disiplinè. Pou ensidan grav ki pase nan estòp bis ak/oswa ki pa pase sou pwopriyete School Board, fanmi dwe pran kontak ak lapolis dirèkteman. Pou ensidan ki konsènan zak bully tankou nwi, entimide, agrese, britalize elatriye (gade definisyon bullying, Section II), yo ta dwe notifiye administratè lekòl-la ki va mennen yon investigasyon ak/oswa founi asistans ak entèvansyon si direktè lekòl-la/anplwaye ki deziyen, jije sa nesese. Youn nan entèvansyon yo kapab fè, se rele ofisyè polis ki nan lekòl-la (School Resource Officer).
- Asire pitit-yo sèvi ak teknoloji tankou rezo konpitè, zouti dijital, Entènèt, lojisyèl (sofwè), yon fason legal, moral epi responsab, jan sa defini nan Seksyon IV liv Kòd kondwit-sa-a.
- Fanmi va kontinye asime responsablite-yo vizavi elèv ki rive laj majorite (dizwitan -18 ane oswa plis) pou tout bi edikatif ak bi disiplin, esepite nan kèk sikonstans lalwa prevwa.

**Pran nòt: Seleksyon paran fè nan chak fòm Kòd Kondwit pou Elèv ap rete valab jis li soumèt/depoze yon nouvo fòm.**

Non elèv-la (EKRI AN LÈT DETACHE)

Siyati elèv-la

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache)

Siyati Paran/Gadyen

Dat